



Poukisa lekòl fèmen?

Gen yon mikwòb ki rele Kowonavirus ki ka fè moun malad.



Nou vle moun yo rete an sante!



Poukisa mwen pa kapab vizite oubyen anbrase granparan mwen ak zanmi mwen yo?

Granmè ak granpè plis granmoun e nou pa vle yo vinn malad.



Ou kapab vizite granparan ou ak zanmi ou apre yon ti tan, lè mikwòb la finn ale. Pou konnye a, ou kapab rele yo oubyen fè apèl vidyeo ak yo.



E si mwen enkyè pou fanmi mwen oswa mwen menm pa tonbe malad?



Se nòmal pou ou enkyè. Premyèman, se pou ou pale ak moun ki pi gran yo e di yo kisaw santi.

Eseye respire 5 fwa lantman ak pwofondeman pouw ka santiw plis kalm e plis an sekirite.




Si ou ap touse oswa ou etènye, itilize koud ou pouw kouvri nen w ak bouch ou



Kisa ke mwen ka fè pou mwen detwi mikwòb la?

Mikwòb la renmen viv sou bagay ke nou ap manyen. Konte jiska 20 pandan wap lave menw ak dlo ak savon pouw ka fè mikwòb la ale.



Sonje, moun ki pi gran pasew yo, yo la pou edew.

Ey! Paran ak moun ki responsab!

- ✓ Asirew ke ou menm ak tout timoun ou lave men nou kòrèkteman, e rete lakay le plis ke posib.
- ✓ Mande pitit ou kisa yo konnen sou virus la. Di yo rete ke popze yo e reponn a kesyon yo yon fason ki apwopriye ak laj yo
- ✓ Kontwole eta sante-w ak pa timoun ou yo pou we si gen siy COVID-19 la, epi cheche konsey nan men travaye Swen lasante yo tankou dokte-w.

Kreye pa "COVID-19 Health Literacy Project" an kolaborasyon avèk "Harvard Health Publishing"

Reviewed by:
 Rachel Conrad, MD
 Gene Beresin, MD, MA
 Baruch Krauss, MD, EdM
 Edwin Palmer, MD, MPH
 Janis Arnold, MSW, LICSW
 Chloë Nunneley, MD
 Carolyn Snell, PhD
 Kristin Barton, MA, CHES
 Erin Graham